

Direktiv Aktyalize konsènan Izolman ak Karantèn pou Anviwònman Lekòl

Kiyès ki dwe antre nan karantèn?

Kiyès ki dwe antre nan Karantèn: Etidyan ak anplwaye ki reprezante **kontak rapwoche anndan lakay dwe antre nan karantèn** jan sa eksplike pi ba a. Etidyan ak anplwaye ki te ekspoze a yon ka pozitif nan lekòl la oubyen nan lòt anviwònman piblik pa bezwen antre nan karantèn parapò ak lekòl la men nou konseye yo pou yo siveye sentòm yo nan fason rapwoche, konsidere mete yon mas an piblik epi pran tès nan, oubyen pi vit sa posib apre jou 5 alawit ekspozisyon an.

Pou kalkile kantite jou: Si w gen COVID-19 epi w gen sentòm, jou 0 reprezante premye jou sentòm yo. Jou 1 se premye jou konplè apre sentòm ou yo te devlope. Pou ka ki san sentòm, jou 0 reprezante dat tès pozitif la. Pou kontak, jou 0 reprezante dènye ekspozisyon a ka pozitif la.

IZOLE –Pou 5 jou, kèlkeswa estati vaksinasyon

- Rapòte ka pozitif bay enfimyè lekòl/kowòdinatè COVID lan epi swiv direktiv lekòl la.
- Si w pa kapab mete yon mas, rete izole lakay ou pou 10 jou.
- **Ak sentòm:**
 - 1) Ou ka tèmine izolman an **5 jou apre** sentòm yo te premye parèt
 - **SI:** 24 èdtan san lafyèv san itilize medikaman ki diminye lafyèv
 - **SI:** Lòt sentòm COVID-19 ap amelyore (pèt gou/odè ka dire plizyè semèn epi pa ta dwe ralanti fen izolman an)
 - **EPI:** Ou dwe mete yon mas ki byen chita pou pwochen 5 jou lè w bò kote lòt moun, alafwa lakay ou, ak lè w pa lakay ou.
- **San sentòm:**
 - **Izole pou 5 jou** apati tès COVID-19 pozitif ou an. Ou dwe mete yon mas ki byen chita pou 5 pwochen jou lè w bò kote lòt moun, alafwa lakay ou, ak lè w pa lakay ou..

Teste
Pozitif
Pou COVID-19

Kontak Rapwoche
Anndan Lakay

SI OU:

- **Ajou*** ak vaksen yo.

OUBYEN

- Yo te konfime yon tès viral ka COVID-19 pou ou nan dènye 90 jou yo **epi ou pa gen sentòm.**

* **Ajou** sa vle di ou te resevwa tout vaksen yo sa enkli 3yèm dòz pou moun ki gen sistèm iminite afebli, plis dòz ranfòsman lè ou elijib (5 mwa apre 2yèm dòz lan pou Pfizer/Moderna oubyen 2 mwa apre pou J&J)

ALÒ:

- **Pyès karantèn** pa nesèsè
- **Mete yon mas ki byen chita pou 10** jou lè w bò kote lòt moun
- **Si w pa kapab mete yon mas**, ou ka retounen lekòl la si w ap patisipe nan Teste pou w Rete pandan jou 1 jiska 10
- Teste sou jou 5 (oubyen pi vit ke posib apre sa) apre ekspozisyon ou an
- Si sentòm devlope, izole lakay ou imedyatman epi pran yon tès.

SI OU:

- Pa vaksinen, oubyen pasyèlman vaksinen

OUBYEN

- **Ou PA ajou** ak vaksen yo (sa enkli si w pa pran dòz ranfòsman lè w elijib)

ALÒ:

- Rete lakay ou (**karantèn**) pou 5 jou, epi retounen sou jou 6 la:
 - Apre yon tès negatif nan jou 5 (oubyen osi vit ke posib apre sa), epi mete yon mas ki byen chita pandan 5 pwochen jou yo, oubyen
 - **Si w pa kapab mete yon mas**, ou ka retounen sou jou 6 si w ap patisipe nan Teste pou w Rete pandan jou 6 jiska 10
- Oubyen, rete nan lekòl la si w ap patisipe nan Teste pou w Rete, epi mete yon mas pandan 10 jou
- Si sentòm devlope, izole lakay ou imedyatman epi pran yon tès.